



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE 12ÈM PWOPSIZYON NAN AJANDA DISKOU ETA LETA 2017 LAN: LANSMAN AJANDA “PWOMÈS NEW YORK LA” POU FÈ VANSE JISTIS SOSYAL AK AFIME NOUVO VALÈ PWOGRESIV NEW YORK YO**  
*Revizyon Sistèm Kosyon Demode New York la, Asire Aksè a Jijman Rapid, Ogmante Laj pou Responsabilite Kriminèl la epi Amelyore Pwosedè Idantifikasyon Temwen yo*

*Gouvènè a Siyen De Dekrè Egzekitif pou Elimine Eka nan Salè a*

*Li Lanse Inisyativ “Nou Tout Se Imigran” (“We Are All Immigrants”) pou Agrandi Opòtinite epi Valorize Imigran nan New York yo*

*Konbat Krim Lahèn avèk Inite Operasyonèl Konjwen an epi Ankouraje Tolerans atravè Nouvo Konsèy Konsiltatif Entèrelizye (Interfaith Advisory Council) Kadinal Dolan ap Dirije a*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pwopoze Ajanda “Pwomès New York la” (“New York Promise”) – ki se yon pake refòm fondamantal, san presedan pou fè vanse prensip jistis sosyal yo, afime valè pwogresiv New York yo, ak yon seri estanda nasyonal pou pwoteje kont tout fòm diskriminasyon.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Nan moman difisil ki plen ak enstabilite ak konfizyon sa yo, New York dwe sèvi kòm yon refij sekirite pou prensip pwogresiv ak jistis sosyal ki te fonde Amerik la. Nou pral kenbe flanbo a byen wo pou nou klere chemen anvè opòtinite, paske se pwomès New York fè. Pwomès sa a pa sèlman nan mo men nan aksyon epi nou pral pouse pi plis menm pou fè vanse pwogrè sosyal nou te fè yo epi nou pral kontinye lit la.”

Ajanda “Pwomès New York” la pral:

**Refòmè Sistèm Jistis Penal la:** Gouvènè a pwopoze yon seri refòm global soti nan arestasyon rive nan jijman ki pral asire jistis ekitab pou tout sitwayen yo. Gouvènè a pral fè vanse nouvo mezi swivan sa yo:

- Revizyon sistèm kosyon demode New York la

- Asire aksè a jijman rapid
- Ogmante laj pou responsabilite kriminèl la
- Amelyore pwosedi idantifikasyon temwen yo
- Anrejistre entèwogasyon lapolis yo fè pou enfraksyon grav yo
- Agrandi refòm akò domaj ak enterè Hurrell-Harring lan pou l aplike nan tout eta a

**Elimine Eka nan Salè a:** Gouvènè Cuomo te siyen de dekrè egzekitif pou mete New York sou wout pou l elimine eka nan salè yo rapid. De Dekrè anmenmtan sa yo pral ranfòse pwoteksyon salè ekitab yo lè l entèdi tout antite eta yo evalye kandida yo sou baz salè yo te touchè avan yo oswa mande anplwaye potansyèl yo istwa salè yo. New York pral egzije pou tout kontraktè eta yo divilge done sou sèks, ras, ak etnisite anplwaye yo – sa k ap rantabilize dola kontribiyab yo pou dinamize transparans ak salè alavans ekitab nan tout eta a.

**Agrandi Opòtinite pou Imigran yo:** Inisyativ “Nou Tout Se Imigran” pral sipòte siksè fanmi ak kominote imigran yo nan New York. Inisyativ la gen ladan l:

- Mete Pwojè Defans Imigran Empire State la an aplikasyon;
- Agrandi sèvis natiralizasyon yo ofri nan Biwo Nouvo Ameriken eta a (Office of New Americans, ONA);
- Mete presyon pou yo pase lwa DREAM Act la; epi
- Konvoke New York State Blue Ribbon Panel on Immigrants (Panèl Riban Ble sou Imigran Eta New York la) pou fè rekòmandasyon pou sopòte entegrasyon ak siksè imigran yo ak fanmi yo.

**Konbat Krim Lahèn ak Ankouraje Tolerans:** Gouvènè a pral lanse yon Inite Operasyonèl kont Lahèn atravè tout eta a ki gen lòd pou investige ak prevni ensidan patipri ak diskriminasyon yo. Inite Operasyonèl la gen ladan l manm ki nan Lapolis Eta New York la ak Divizyon Dwa Imen Eta New York la yo (New York State Division of Human Rights), ki pral investige krim lahèn yo epi mennen aktivite sansibilizasyon nan kominote a pou edike Nouyòkè yo sou dwa yo. Anplis de sa a, Gouvènè a te anonse fòmasyon yon Konsèy Konsiltatif Entèrelizye, Kadinal Dolan ap dirije, pou ede atenn yon nivo konpreyansyon ak tolerans ki pi apwofondi sou relijyon ak kilti yo, pwomouvwa espri ouvè ak enklizivite, epi ranfòse efò eta ap fè pou pwoteje tout Nouyòkè yo.

Ajanda Pwomès New York la gen ladan l tou, yon seri mezi, yo te devwale [dimanch lan](#), pou modènize sistèm vòt New York la, ki gen ladan l vòt antisipe, anrejistreman otomatik elektè yo ak anrejistreman menm jou pou elektè yo.

### **REFÒME SISTÈM JISTIS PENAL LA**

#### **Refòm Kosyon ak Odyans Prelimè Gadavi a**

Aktyèlman New York se sèlman youn nan kat eta nan peyi a kote jij yo pa ka, dapre lalwa, konsidere si yon moun poze yon menas pou popilasyon an si yo lage l soti nan

prizon avan jijman. Sistèm demode sa a, ki an vigè a, mete libète egal a estati finansyè, olye l konsidere si wi ou non yon akize poze yon risk reyèl pou sosyete a si yo lage l avan jijman.

Sistèm de nivo sa a ka lakoz moun ki nan dezavantaj finansyè yo pou yo rete fèmen nan prizon pandan anpil mwa, ak anpil ane menm, paske yo pa kapab peye menm yon ti montan kajan piti pou kosyon yo. Nan Vil New York, pa egzanp, montan medyan kosyon an te \$5,000 dola pou enfraksyon kriminel yo ak \$1,000 pou deli yo an 2015. Depandan de kondisyon ekonomik yon moun, yo gen mwayen pou peye montan sa yo byen fasil – sa ka lakoz yo lage yo – oswa yo pa gen mwayen pou peye yo – ki lakoz yo kenbe yo nan prizon. Sa a pa ekitab epi l enjis.

Pou repare sistèm kraze sa a, Gouvènè Cuomo ap fè vanse yon seri refòm global pou pèmèt jij yo itilize evalyasyon risk ki valide nan kad tout detèminasyon pou lage yon moun nan odyans preliminè yo. Daprè lwa sa a, jij yo pral itilize sa yo pou yo detèmine si yon moun poze riks pou popilasyon an si yo ta lage l. Sa a pral asire yo ka lage moun ki poze risk fèb yo avan jijman yo, moun ki poze risk sevè yo ka rete fèmen nan prizon, epi yo pap pini Nouyòkè ki gen revni fèb yo yon fason dispwopòsyone nan sistèm jistis penal la. Evalyasyon sa yo pral fèt apati de enstriman ki valide, ki objektif, epi ki transparan pou asire pa gen okenn patipri nan detèminasyon libète yo. Anplis de sa a, sa a pral amelyore sekirite piblik la lè nou asire yo kenbe moun ki poze risk sevè yo epi yo rete fèmen nan prizon.

Gouvènè a pral travay tou pou l founi altènatif pou gadavi odyans preliminè yo pou moun ki poze risk fèb yo epi egzamine itilizasyon kosyon lajan kach atravè yon komite konsiltatif. Jij yo ta dwe gen plis pase de opsyon lè y ap deside si pou yon moun rete nan prizon oswa si pou yo lage l avan odyans preliminè li a. Lè nou pèmèt jij yo pou yo fikse kondisyon yo, tankou fè rapò oswa siveyans, sa pral redwi kantite moun ki rete nan prizon san rezon pandan l ap prezève sekirite piblik la.

### **Asire Aksè a Jijman Rapid**

Sizyèm Amandman Konstitisyon Etazini an ak lwa eta a garanti pou tout sitwayen yo akize ki te komèt yon krim gen dwa pou yon jijman piblik rapid. Twò souvan, sepandan, akize yo rete nan gadavi, odyans priliminè, pou yon peryòd tan eksesif epi tribinal yo sichaje paske gen twòp ka kriminel ki ankou. Sa a rann gen ka aryere ki entèwonpe sistèm jistis la epi sa a gen yon enpak dispwopòsyonèl sou kominote revni fèb yo ak minorite yo.

Pou restore entegrite nan sistèm jistis la, New York pral mete nouvo mezi refòm yo an aplikasyon pou asire ka kriminel yo ale nan jijman san reta egzajere epi moun pa rete fèmen nan prizon pou yon peryòd tan ki pa rezonab.

Gouvènè ap fè vanse lejislasyon ki pral redwi reta inital ak entèripsyon sesyon yo nan pwosè jidisyè yo. Lejislasyon yo pwopoze a pral egzije pou moun yo kenbe nan prizon yo – pa sèlman pou avoka yo – dakò pou renonsyasyon a jijman rapid la epi yon jij dwe apwouve l. Yo pral sèlman akòde renonsyasyon sa yo apre akize yo detni an konparèt

devan yon jij. Yo pral egzije pou tout renonsyasyon a jijman rapid yo gen ladan yo yon dèl pou akize a, avoka defans lan yo, pwokirè yo, ak jij yo konprann lè jijman pwogram pou fèt epi yo pa pèmèt reta nan ka a pou evite bloke klandriye tribinal la.

Gouvènè a pral travay tou ak Jij an Chèf la, Janet DiFiore pou devlope yon apwòch administratif efikas ansanm ak rekòmandasyon mezi lejislatif adisyonèl pou asire dwa konstitisyonèl pou yon jijman rapid vin yon reyalite atravè tout Eta New York la. Objektif la pral pou devlope yon gid epi pwopoze mezi lejislatif ki sible eliminasyon konfizyon san rezon, ogmante ekite nan pwosè jidisyè yo, ak asire dwa tout Nouvòkè pou yon jijman rapid.

### **Ogmante Laj pou Responsabilite Kriminèl**

New York rete kòm youn nan sèlman de eta nan peyi a ki jije tout jèn ki nan laj 16 ak 17 an yo nan sistèm jistis penal adilt la, kèlkeswa ofans lan. Aktyèlman nan New York, nan 27,000 adolesan yo te arete an 2015 yo, yo te arete apeprè 86 pousan nan jèn sa yo pou krim ki pa vyolan. Adolesan sa yo antre nan sistèm jistis penal adilt la kote yo fè fas an anprizonman potansyèl nan prizon konte lokal yo oswa prizon eta yo.

Sistèm jistis penal adilt la se pa plas jèn timoun dwe ye. Nan Eta New York, gen apeprè 500 moun ki gen mwens ke 18 an nan prizon lokal yo ak nan prizon eta yo. San etablisman ak pwogram pou laj apwopriye yo, adolesan sa yo fè fas a pi gwo risk pou yo angaje nan pi gwo agresyon, yo ka vin viktim vyolans seksyèl, epi yo ka tiye tèt yo.

Pandan twa ane ki sot pase yo, Gouvènè Cuomo te pran anpil mezi radikal pou reponn a pwoblèm enjistis sa a. An 2014, Gouvènè Cuomo te anonse kreyasyon *Commission of Youth, Public Safety, and Justice (Komisyon sou Jèn, Sekirite Piblik, ak Lajistis la)* pou founi rekòmandasyon pou modènize sistèm jistis penal ak jistis minè yo epi asire jèn timoun yo resevwa sèvis reyabilitasyon yo bezwen pou yo vin tounen adilt pwodiktif, reyisi. An 2015, Gouvènè Cuomo te aksepte rekòmandasyon Komisyon an epi li te mete ansanm ak defansè yo pou mande lejislati eta a pou pase lejislasyon pou Ogmante Laj (Raise the Age) pou jije jèn ki gen 16 ak 17 an yo kòm minè pou tout krim eksepte krim ki gen rapò ak vyolans grav yo, epi ofri sèvis reyabilitasyon pou tout minè yo. Nan fen ane a, apre lejislati a rate opòtinite pou yo aji, Gouvènè a te pwomilge Dekrè Egzekitif Nimewo 150 lan ki bay Depatman Admistrasyon Penitansye ak Sipèvizyon Kominote a (Department of Corrections and Community Supervision), an kolaborasyon ak Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi la (Office of Children and Family Services), pou mete yon plan aplikasyon pou retire minè ki nan prizon adilt yo pou mete yo nan yon nouvo etablisman ki apwopriye pou laj yo.

Ane sa a, Gouvènè Cuomo te renouvle apèl li te fè pou Ogmante Laj la yon fwa pou tout. Gouvènè a pral entwodwi lejislasyon pou asire jèn ki gen 16 ak 17 an yo ki fè yon krim mwen grav yo resevwa entèvansyon nesèsè ak tretman ki baze sou evidans. Sila yo ki komèt krim ki pi grav yo pral toujou rete responsab men yon jij ki resevwa fòmasyon espesyal pral jije ka yo a yo. Anplis de sa a, jèn timoun sa yo pral gen aksè a sèvis espesyalize ki pral redwi to residivism, bese to krim jèn yo fè, epi founi gwo benefis pou sekirite piblik pou tout Nouvòkè yo.

### **Amelyore Pwosedidantifikasyon Temwen yo**

Yo te idantifye erè temwen k ap fè idantifikasyon yo fè kòm pi gwo kontribitè ki lakoz kondanasyon ki pa jistifye yo. Rechèch endike, lè yo fè l kòm sa dwa, pwosedidantifikasyon yo pi fyab lè yo fèt nan yon dat ki pi pwòch lè krim lan te fèt la oswa lè yo te temwen krim lan epi se premye pwosedidantifikasyon yo ka idantifye yon moun yo sispèk. Souvan, idantifikasyon sa yo fèt atravè itilizasyon yon seri de foto – ki se yon seri imaj krim lan yo afiche devan viktim lan oswa temwen an pou l konfime oswa nye idantite moun yo sispèk la. Sa yo ka efikas anpil pou konfime si wi ou non yon moun te, reyèlman, angaje nan yon krim – sa k ap ede pwoteje moun ki inosan yo kont arestasyon ak kondanasyon, epi rann moun ki koupab yo responsab. New York, sepandan, se sèl eta nan peyi a ki entèdi, dapre lalwa, yon jiri pou tandè evidans yon idantifikasyon yon temwen te fè atravè itilizasyon seri foto yo.

Li lè pou Eta New York la reponn a karans sa a ki genyen nan sistèm jistis penal la. Pou yo ogmante presizyon ak fyabilite idantifikasyon temwen yo. Gouvènè Cuomo pral fè vanse lejislasyon pou pèmèt itilizasyon foto pou idantifikasyon temwen te fè yo admèt nan jijman kote pwosedidantifikasyon yo te fèt selon prekosyon, tankou administrasyon “vizib” (“blind”) oswa “envizib” (“blinded”). Chanjman sa a pral asire jiri yo gen evidans ki pi fyab pou yo baze desizyon yo. Refòm sa a – ki te baze sou akò ant Pwojè Inosans lan (Innocence Project), Asosyasyon Pwokirè Distri Eta New York la (District Attorneys Association of the State of New York), ak Asosyasyon Bawo Eta New York la (New York State Bar Association) – pral amelyore entegrite pwosedidantifikasyon an yo epi ranfòse sekirite piblik lè yo pran prekosyon kont kondanasyon ki pa jistifye yo epi lè yo asire yo kenbe kriminèl yo responsab.

### **Anrejistre Entèwogasyon Lapolis yo Fè pou Enfraksyon Grav yo**

Aktyèlman, New York pa egzije pou ajans fòs lapolis yo anrejistre entèwogasyon sispèk kriminèl yo. Entèwogasyon yo nesèsè pou yon ka kriminèl paske yo souvan founi evidans yo bezwen pou kondane yon akize ki koupab ak egzonere akize ki inosan yo. Toutfwa, gen anpil ka kote yo kondane moun nan fason ki pa jistifye ki baze sou konfesyon fo ak ka kote yo akize ofisye lapolis yo atò pou kontrent. Pifò pati konsène nan jistis penal yo dakò anrejistreman sou videyo entèwogasyon lapolis yo pou investigasyon kriminèl yo se yon mwayen ki vrèman efikas pou konbat posiblite pou yon moun fè konfesyon fo oswa sibi kontrent nan men fòs lapolis yo. Eta New York la dwe aji pou pwoteje entegrite ak fyabilite enfòmasyon yo resevwa atravè kesyon yo poze sispèk kriminèl yo.

Gouvènè Cuomo ap pwopoze lejislasyon pou ogmante transparans ak ranfòse konfyans pèp la nan sistèm jistis penal la lè lalwa egzije pou fòs lapolis yo anrejistre sou videyo entèwogasyon sispèk yo kenbe ki te komèt krim grav yo, ki gen ladan yo krim asasina, kidnapin, ak krim vyolans seksyèl yo. Lejislasyon yo pwopoze a baze sou yon akò ant Asosyasyon Pwokirè Distri Eta New York la, Pwojè Inosans lan, ak Asosyasyon Bawo Eta New York la. Depi 2013, eta a te sipòte mezi bon sans sa a avèk plis pase \$3 milyon finansman, avèk sipò adisyonèl ki te soti nan biwo Pwokirè Distri Manhattan lan, Cyrus R. Vance Jr., yo te bay depatman lapolis yo, biwo cherif yo ak pwokirè distri yo

pou yo achte ak enstale ekipman pou anrejistreman videyo yo, ogmante valè chanm ki disponib pou anrejistre deklarasyon an yo nan yon ajans, epi ajoute kapasite estokaj pou ekipman ki te la deja yo.

### **Agrandi Akò domaj ak enterè Refòm Hurrell-Harring pou Akize Endijan yo pou l Aplike nan Tout Eta a.**

Lè gouvènman mete defans kriminel disponib pou moun ki pa gen mwayen pou peye pou avoka otreman yo gen anpil enpòtans, jan Tribinal Siprèm Etazini an te dekrete nan ka *Gideon v. Wainwright* ak lòt ka desandan l yo. Men toujou gen istwa kote moun resevwa reprezantasyon tribinal la deziyen nan nivo dispwopòsyonèl twò souvan. Kalite reprezantasyon yo founi bay moun ki pa gen mwayen pou yo peye pou yon avoka pa dwe varye de konte an konte. Eta a dwe asire yo founi sèvis nesèsè sa yo nan yon manyè konsistan nan yon nivo inifòm atravè tout eta a.

An 2014, eta te reyisi negosye yon akò nan pwosè *Hurrell-Harring et al v. State of New York et al.* la, ki se yon pwosè yo te entante kont eta a ak senk konte ki te baze sou lefèt yo te neglije founi nivo sèvis defans endijan nesèsè nan konte sa yo, nan objektif pou pote vrè refòm nan sistèm defans piblik la kote yo echwe yo. Pa gen okenn rezon pou yo pa ta founi gran so pou defans endijan nan tout konte nan eta a yo.

Pou asire reprezantasyon ekitab ak egal pou tout moun yo akize yo, Gouvènè a pral entwodwi yon plan pou eta finanse san pousan depans nesèsè pou agrandi refòm ki soti nan akò domaj ak enterè *Hurrell-Harring* lan pou aplike nan tout konte eta a yo ak nan Vil New York la, avèk sipèvizyon fiskal apwopriye atravè Divizyon Bidjè a (Division of Budget).

### **ELIMINE EKA NAN SALÈ A**

Daprè done ki pi resan yo, fanm nan New York touche 87 santim sou chak dola an konparezon ak konbyen gason yo touche. Fanm nwa yo pi mal ankò lè yo konpare yo ak gason blan yo: Fanm nwa dorijin afriken yo touche an mwayèn 69 santim sou chak dola epi fanm latin yo 58 santim sou chak dola.

Daprè Biwo Resansman Etazini an (U.S. Census Bureau), an 2015 te gen 12 milyon fanmi ki gen yon sèl paran Ozetazini – plis pase 80 pousan ladan yo se yon manman selibatè ki antèt fanmi an. Nan New York, gen plis pase yon tyè timoun atravè tout eta a k ap grandi nan fanmi kote gen yon sèl paran. Anplis de sa a, yon rapò McKinsey estime parite mendèv konplè ka ajoute yon montan \$4.3 *milyon milya* sou PIB Etazini an avan 2025.

Gouvènman Eta a dwe mennen kòm egzanp epi asire parite salaryèl pou tout Nouyòkè. Pou ranfòse parite salaryèl atravè tout eta a, Gouvènè Cuomo te siyen Dekrè Egzekitif swivan sa yo:

### **Dekrè Egzekitif Nimewo 161**

Dekrè Egzekitif Nimewo 161 an entèdi antite eta yo pou yo mande istwa salè anplwaye

potansyèl yo. Paske konpayi yo gen tandans pou yo baze salè kandida yo sou istwa salè yo, mezi sa a pral kase chèn konpansasyon enjis sa pou moun, espesyalman fanm ak minorite yo, pou yo pa twouve yo an dezavantaj atravè pakou tout karyè yo.

Yon kandida ki aplike pou anplwa nan nenpòt antite eta a pa oblije founi konpansasyon aktyèl li, oswa nenpòt lòt istwa konpansasyon li te ka genyen avan, jiskaske yo ofri l yon òf anplwa kondisyonèl avèk konpansasyon. Yon fwa yon fèl yon òf kondisyonèl, yon antite eta kapab mande epi verifye enfòmasyon sou konpansasyon l yo. Si yon antite eta te deja genyen konpansasyon aplikan te konn resevwa avan yo, yo pa dwe depann de enfòmasyon an pou yo detèminie salè anplwaye potansyèl la, amwens ke sa preskri selon lalwa oswa apre kontra negosyasyon kolektif. Biwo Gouvènè a pou Relasyon Anplwaye (Governor's Office of Employee Relations) yo pral siveye ak jere pwosesis sa a epi y ap bay fòmasyon pou pèsonèl resous imèn antite eta ki konsène yo sou egzijans nouvo mezi a yo.

### **Dekrè Egzekitif Nimewo 162**

Dekrè Egzekitif Nimewo 162 a egzije tout kontraktè eta yo pou yo divilge done sou sèks, ras, etnisite, tit pòs travay, ak salè tout anplwaye nan tout kontra eta yo, akò yo, ak akizisyon yo te pibliye oswa egzekite 1e Jen 2017 oswa aprè dat sa a. Kontra yo ak akizisyon yo te pibliye nan dat sa oswa aprè yo dwe gen ladan yo yon dispozisyon ki idantifye egzijans adisyonèl sa a. Anplis de sa a, soutretan yo dwe founi menm enfòmasyon pou anplwaye yo tou. Yo pral rapòte enfòmasyon sa a bay ajans ak otorite eta yo chak trimès pou kontran prensipal ki vo plis pase \$25,000, eksepte kontra konstriksyon prensipal ki vo plis pase \$100,000, yo dwe rapòte chak mwa. Sa a pral rantabilize dola kontribiyab yo pou dinamize transparans ak pwogrese anvè ekitablite nan salè.

Anons lan mize sou Lwa Fondamantal Egalite pou Fanm Gouvènè a (Women's Equality Act), ki te siyen an 2015 lan, ki te ranfòse pwoteksyon pou ekitablite nan salè nan New York lè yo entèdi anplwayè yo vanje yo kont anplwaye ki pataje enfòmasyon sou salè yo ak ogmante domaj ak sanksyon pou anplwaye ki pa peye travayè yo ase akòz de sèks, ras oswa etnisite yo. Lejislasyon an te ranfòse lwa sou trafik imen ak pwoteksyon pou viktim vyolans domestik yo , epi li te mete fen a diskriminasyon gwosès nan tout lye travay yo.

## **AGRANDI OPÒTINITE POU IMIGRAN YO**

### **Inisyativ "Nou Tout se Imigran" an**

Inisyativ "Nou Tout se Imigran" an prezante yon pake pwopozisyon global pou agrandi opòtinite pou imigran yo:

- **Fon pou Defans Imigran Empire State la:** Gouvènè Cuomo pral lanse yon pwojè defans legal prive ak piblik ki se premye pwojè konsa nan peyi a pou asire tout Nouyòkè gen aksè a reprezantasyon, jistis ekitab, kelkeswa estati

sitwayènte yo. Biwo Eta pou Nouvo Ameriken yo (State's Office for New Americans) pral jere inisyativ sa a, epi yo ap jere l an patenarya ak gwo inivèsite yo, ansanm ak kabinè avoka, asosyasyon jiridik ak òganizasyon defans ki atravè tout eta yo.

- **Agrandi Sèvis Natiralizasyon yo atravè Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo (ONA) :** Premye biwo onivo eta a nan peyi a ki konsantre l sou ogmantasyon patisipasyon imigran nan lavi sivik ak lavi ekonomik yo, ONA pral mize sou siksè patenarya piblik/prive NaturalizeNY (Natiralize New York) yo te anonse an Jiye a lè yo òganize yon lòt tiraj pou ede yon kantite adisyonèl 1,500 imigran Nouyòkè vin tounen sitwayen ameriken epi kouvri depans pwosesis aplikasyon yo. NaturalizeNY bay sipò global atravè pwosesis natiralizasyon an, ki gen ladan evalyasyon pou elijibilite gratis, èd pou ranpli aplikasyon, preparasyon pou egzamen natiralizasyon an, ak frè aplikasyon pou natiralizasyon pou imigran ki elijib pou sitwayènte, ki gen revni fèb yo. Preskè yon milyon Nouyòkè elijib pou yo vin sitwayen ameriken jodi a, men anpil nan yo pa kapab fè sa a paske yo pa gen mwayen pou peye pou frè tretman dosye federal la, ki te ogmante \$725 anplis an Desanm nan. Byenke gen yon estime 464,000 Nouyòkè ki kalifye pou gouvènman federal la egzante frè tretman dosye yo pou yo, baze sou salè yo, gen yon kantite adisyonèl 158,000 Nouyòkè ki pa kalifye pou egzansyon frè an, men frè a toujou reprezante yon baryè pou natiralizasyon yo.
- **Blue Ribbon Panel on Immigrants (Panèl Riban Ble sou Imigran yo):** Pou sipòte yon entegrasyon reyisi pou imigran yo ak fanmi yo, Gouvènè Cuomo pral konvoke panèl New York State Blue Ribbon Panel on Immigrants lan. Panèl la pral gen ladan l Nouyòkè istwa yo reflekte richès ak pwofondè siksè imigran kontinye genyen nan eta nou an yo. Panèl la pral evalye anviwonman aktyèl sèvis eta bay yo pou sipòte entegrasyon fanmi imigran yo epi fè rekòmandasyon sou kijan pou aliyen resous pou sipòte moun ki fenk vini yo.
- **Fè Vanse Pasaj lwa DREAM Act la (Lwa pou Devlopman, Sekou, Edikasyon pou Minè Etranje yo):** Gouvènè Cuomo pral fè vanse lwa DREAM Act la pou l finalman ouvri pòt edikasyon siperyè pou anpil milye Nouyòkè. Lwa DREAM Act la pral bay etidyan ki pa gen papyè yo aksè a Pwogram Asistans Frè Eskolè (Tuition Assistance Program), ansanm ak bous detid eta jere yo, k ap ede yo pote yon pi gwo kontribisyon nan kominote nou an. Depi 2002, etidyan ki pa gen papyè yo te kalifye pou frè eskolè nan eta nan Inivèsite SUNY ak CUNY si yo te gradye nan yon lekòl segondè oswa si yo te resevwa ekivalan yon diplòm lekòl segondè nan eta a. Poutan, chak ane, anpil etidyan ki plen talan toujou pa kapab rive atenn potansyèl yo, senpleman paske yo pa gen aksè a èd frè eskolè pou ede yo peye lekòl yo.

### **Fè Vanse Siksè Imigran yo nan New York**

Depi li te pran pouvwa, Gouvènè a te siyen yon seri Dekrè Egzikitif agrand pòte pou asire aksè lang atravè ajans eta yo, sispann patisipasyon Eta nan pwogram federal ki



egzije fòs lapolis lokal yo pou yo ede idantifye moun yo ka depòte yo, siyen lejislasyon ki kenbe antite k ap eskwoke imigran yo responsab, epi etabli yon Biwo pou Nouvo Ameriken yo. Kòm Pwokirè Jeneral, Gouvènè Cuomo te travay tou pou konbat fwòd imigrasyon, li te itilize lwa jeneral sou dwa sivil pou envestige avèk siksè ak pouswiv konpayi ki te eskwoke imigran yo. Li te egalman garanti jijman tribinal ak akò domaj ak enterè ki depase \$23 milyon dola nan non popilasyon imigran Eta a.

Eta New York la gen 4.4 milyon imigran, ki reprezante youn nan chak senk Nouyèkè. Imigran kontribiye anpil nan ekonomi eta nou an kòm mèt biznis, travayè, konsomatè, ak kontribiyab.

## **KONBAT KRIM LAHÈN AK ANKOURAJE TOLERANS**

### **Etabli yon Inite Operasyonèl kont Krim Lahèn atravè tout Eta a**

Aprè rapò resan sou ogmantasyon diskriminasyon, menas ki motive akòz patipri, ak pèsèkasyon ak vyolans yo, akò a pèmèt kreyasyon yon Inite Operasyonèl kont Krim Lahèn (Hate Crimes Task Force) atravè tout eta a. Gwoup travay la pral gen ladan l manm Lapolis Eta a yo, ki pral gen lòd pou yo dirèkteman anpeche, envestige, ak detekte krim lahèn atravè tout eta a anndan Lwa Penal la. Divizyon Dwa Imen an pral fè pati Inite Operasyonèl la pou enfòme moun yo sou dwa yo ak rekou ki disponib ki gen ladan yo sanksyon pou diskriminasyon yo.

Anplis de sa a, Inite Operasyonèl la pral travay ak lidè konte yo, pwokirè distri yo, lidè distri lekòl yo, depatman lapolis lokal yo ak lòt pati konsène enpòtan yo pou idantifye tandans ki gen rapò ak patipri, pratik diskriminasyon ak vilnerabilite ki baze nan kominote yo anndan chak konte.

Aktyèlman, dapre lwa eta a, yon moun komèt yon krim lahèn lè li poze yon zak, pami yon seri zak byen espesifik, ki vize viktim lan akòz yon pèsèpsyon oubyen yon kwayans sou ras, koulè, orijin nasyonal, zansèt, sèks, relijyon, pratik relijyon, laj, andikap oswa oryantasyon seksyèl li, oubyen lè zak ki poze a se rezilta kalite pèsèpsyon oubyen kwayans sa. Yo ka poze krim lahèn kon yon moun oubyen kont yon gwoup moun oubyen kont pwopriete prive oswa piblik. Epitou, dapre lalwa, li ilegal pou fè diskriminasyon sou baz ras, orijin nasyonal, relijyon, etnisite oswa plizyè lòt klasifikasyon ki pwoteje.

### **Lansman Inisyativ Tolerans ak Konpreyansyon an**

Gouvènè a te lanse “Inisyativ Tolerans ak Konpreyansyon” (“Tolerance and Understanding Initiative”) an pou fè vanse efò eta ap fè pou pwoteje dwa sivil ak konbat diskou lahèn ki ankouraje krent ak vyolans yo.

Inisyativ la gen ladan l yon Konsèy Konsiltatif Entèrelijye, ki gen ladan l lidè relijye yo, ki pral konvoke fonksyonè eta yo ak lidè kominote nan enstitisyon relijye atravè tout eta a yo. Kadinal Dolan pral dirije Konsèy la epi li pral ofri fonksyonè eta a direktiv sou pwoblèm dezakò, tankou vyolans oswa vyolasyon dwa imen yo komèt kont moun akòz lafwa, oswa lòt idantite yo. Konsèy la pral pwomouvwa konpreyansyon ak tolerans nan tout relijyon ak kliti yo, li pral pwomouvwa espri ouvè ak enklizivite, epi ranfòse efò eta

ap fè pou l pwoteje tout Nouyòkè yo.

An Novanm 2016 la, Gouvènè Cuomo te lanse yon liy ijans gratis pou rapòte ensidan patipri ak diskriminasyon ki fèt atravè tout eta a. Jiskaprezan, gen 2,182 apèl ototal liy ajans lan te resevwa epi yo te refere yo a ajans apwopriye pou fè swivi sou plent ak akizasyon diskriminasyon ak patipri yo. Anplis de sa a, gen 86 apèl ototal yo te refere a Lapolis Eta a pou yo envestige ansanm ak ofri èd bay lòt ajans fòs lapolis k ap envestige krim lahèn potansyèl yo.

Nan menm mwa a, Gouvènè a te [anonse](#) l ap fè vanse lejislasyon pou agrandi pwoteksyon lwa Dwa Imen New York la (New York State's Human Rights Law) yo pou kouvri tout etidyan atravè tout eta a yo. Daprè lalwa ki an plas kounye a, lwa sou Dwa Imen an pwoteje sèlman etidyan lekòl prive yo, ki vle di si yo diskrimine kont yon etidyan nan yon lekòl piblik, etidyan sa a pap ka fè pwosè kont diskriminasyon sa a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418